

Umugani w'ababikijwe italanto

- 10th story -



62Page

Uwuvuga Habaye umugabo yagomba afate urugendo rwa kure araheza ahamagara abashumba biwe batatu abagaburira itunga ryiwe.

Shebuja Ndabagaburira itunga ryanje mugende murikoreshe igihe cose nzoba nkiri mu rugendo.

Uwuvuga Uwa mbere amuha italanto zitanu, uwa kabiri amuha italanto zibiri , uwanyuma amuha italanto imwe.

Shebuja Ehe nabahaye italanto ndabiye ku ngabire n'inkomezi zanyu nimugende mukore neza.

Uwuvuga Nyenurugo arabasezera hanyuma afata urugendo.

Uwuvuga Nyenurugo amaze kugenda umushumba wa mbere n'uwa kabiri baragenda bakoresha ya mahera. Bose bizera ko nibakora cane, shebuja azobanezererwa.

Uwuvuga Umushumba wa mbere yari yaronse italanto zitanu aragenda akoresha ya mahera mu kurima . Arakora cane.

Uwuvuga Umushumba agira kabiri nawe nyene agira nk' uwambere , arakora n' umwete.

Haca umunsi umwe, imisi ibiri, ukwezi, amezi abiri... Uko igihe carengana ni ko umwimbu w'ibikorwa vyiwe wiyongera. Umushumba wa mbere yari yaronse italanto zitanu yunguka izindi zitanu , umushumba wa kabiri yari yaronse italanto zibiri nawe yunguka izindi zibiri. Mbega uwa gatatu we vya-genze gute?

Uwuvuga Inyuma ya mezi make, nyenurugo arahava aragaruka avuye muri rwa rugendo rwa kure. Ba bashumba batatu baza gusan-ganira shebuja bamwiganira ivyabaye mu gihe atariho.

Nyenurugo abwira umushumba wa mbere yari yagwiye kabiri italanto yahawe.

Shebuja Wakoze neza , mukozi mwiza w'umwizigirwa! Wabaye umwizigirwa muri bike, ngiye kukuzeza vyinshi injira mu munezero wa shobuja!

Uwuvuga Nyenurugo arashimira umushumba agira kabiri nawe co kimwe n' uwa mbere.



63Page



64Page



65Page



66Page

Shebuja Wagize neza,muntu wanje mwiza wo kwizigirwa, wizigiwe kuri bike,

nzoguha kugaba vyinshi. Injira mu munezero wa shobuja.

Uwuvuga Nyenurugo anezerezwa cane n'ivyo abo bashumba babiri bashitseko, hanyuma abemerera kubazeza ibindi vyinshi cane.

.....

Uwuvuga Maze haza umusuku wa gatatu atangura kwiganira shebuja.

Umusuku wa 3 Databuja ndazi ko uri umuntu akara, yimbura aho atarimye, yegeranya ivyo atasanzaje. Nagize ubwoba nca ndagenda nyegeza italanto yawe mu kuzimu, raba ngibi akira ivyawewe.

Uwuvuga Nyerugo arakazwa nivyo .

Shebuja IKI? wa mushumba w'igipfu. Rero waruzi ko ndi umuntu agoye? Ubu rero wari gushira amahera yanje mu bubiko kugira ngo igihe nzogarukira nzoyaronkane n' inyungu na ntoya! Ni mumwake iyo talanto muyongere uwufise cumi. Hanyuma mu muterere uwo mushumba w' imburakimazi hanze mu mwiza!

.....

Uwuvuga Ba bashumba bakoresha Ingabire zabo bagakora cane banezeranywe na shebuja wabo ; ariko wa mushumba w' iki-gaba atigeze agerageza atabwa hanze aboroga.